



Department of
Education

**REKÒMANDASYON POU OFRI SÈVIS SANTE AK
AKOMODASYON POU SEKSYON 504
POU ELÈV NAN LEKÒL LETA VIL NOUYÒK
ANE LEKÒL 2018-2019**

Pou tout paran ak founisè swen sante/doktè k ap bay swen sante:

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC Department of Education, NYCDOE) ak OSH travay ansanm pou bay tout elèv ki gen bezwen espesyal sèvis. Sèvis sa yo pèmèt elèv yo patisipe totalman nan lekòl. Si pitit ou a bezwen sèvis sante ak akomodasyon dapre seksyon 504 lwa sou Reyabilitasyon, ranpli fòm ki nan pake sa a. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk egzije yon nouvo **otorizasyon** pou sèvis chak ane lekòl. **Voye tout fòm ou ranpli yo ba enfimyè lekòl la pou li apwouve l nan dat 15 jiyè pou pi ta pou nouvo ane lekòl la. Sa asire pitit ou a pral resevwa sèvis ki apwouve yo nan kòmansman nouvo ane lekòl la; fòm ki rive apre dat sa a ka retade pwosesis la.**

Gen twa tip fòm pou sèvis sante ak akomodasyon:

- Fòm pou bay medikaman nan lekòl (Medication Administration Forms, MAFs)** – Ranpli fòm sa yo pou resevwa medikaman oswa tretman nan lekòl.
 - Gen kat fòm MAF apa: opresyon; alèji; dyabèt ak lòt pwoblèm sante.
- Fòm pou bay tretman medikal yo preskri (Medically Prescribed Treatment) (ki pa medikaman)** – Ranpli fòm sa a pou mande pou pwosedi espesyal tankou bay manje nan tib, aspirasyon, etc. fèt nan lekòl la. Yo ka itilize fòm sa a pou tout tretman enfimyè ki konpetan bay.
- Demand pou akomodasyon dapre seksyon 504** – Ranpli sa a pou mande sèvis espesyal tankou bilding ki pa gen baryè, itilizasyon elevatè, modifikasyon nan egzamen, etc.
 - PA itilize fòm pou sèvis ki mache ak andikap (related services) tankou terapi pou reprann aktivite, terapi fizik, terapi pou langaj ak diksyon, oryantasyon, etc. Yo ta dwe ofri Related services yo atravè yon Plan Edikasyon Endivisyèl (Individualized Education Program, IEP).

Moun k ap bay swen

Tanpri swiv prensip sa yo lè w ap ranpli fòm yo:

- Plizyè moun k ap bay swen ka trete malad ou a. Doktè/Founisè swen sante k ap ranpli fòm lan ta dwe se li menm k ap trete maladi a yo mande sèvis pou li a.
- Yon doktè/founisè swen sante dwe siyen ak date tout fòm yo. Fòm yo dwe gen ladan yo nimewo lisans ak nimewo NPI valid doktè/founisè swen sante Eta New York, New Jersey oswa Connecticut k ap ranpli fòm lan. Si se yon doktè ki nan trening k ap ranpli fòm lan, yon sipèvizè (paegzanp, doktè k ap trete a) dwe siyen l tou. Sipèvizè a dwe mete nimewo lisans li ak nimewo NPI li.
- Preskripsyon an dwe presi ak ekri byen klè. Sa pèmèt enfimyè lekòl laaji yon fason responsab onivo klinik.
- Mande sèlman sèvis ou bezwen pandan lè lekòl. Pa mande medikaman ou ka pran lakay, avan oswa apre lè lekòl.
- Y ap konsidere demand pou lòt medikaman dapre chak sitiyasyon separeman.
- Yo ka konsève Epinephrine nan salklas la, yon kote komen, oswa pote l pou elèv dapre Plan repons kont alèji (Allergy Response Plan) yo genyen an.
- Elèv yo ta dwe endepandan otan posib nan lekòl la. Doktè/founisè k ap bay swen yo dwe detèmine si timoun lan pa bezwen enfimyè, si li bezwen sipèvizyon, oswa si li ka pran medikaman oswa si li ka fè pwosedi yo poukont li. Pifò elèv ki nan lekòl presegondè ak segondè ta dwe pran medikaman yo poukont yo. Yo ta dwe kapab idantifye medikaman yo, konnen lè pou yo pran l ak dozaj ki kòrèk la. Yo ta dwe tou konprann rezon y ap pran medikaman an ak kapab dekri sa k ap rive si yo pa pran l. Yo pèmèt elèv ki endepandan yo pote ak pran medikaman yo poukont yo. Ou ka otorize elèv la pote medikaman l nan lekòl la. Pou elèv ki endepandan yo, mete inisyal yo nan seksyon fòm lan ki pèmèt elèv pran medikaman poukont yo nan lekòl ak nan pwomnad. Si se pa sa, jeneralman yo konsève medikaman yo nan yon kabinè ki gen kle nan sal medikal la. **Yo pa janm pèmèt elèv yo pote dwòg ki iligal.**

Paran :

- Tanpri mennen pitit ou a kay doktè l chak ane pou li ranpli fòm sa yo.
- Ou ta dwe bay enfimyè lekòl ou a fòm sa yo chak ane nan dat **15 jiyè pou pi ta pou nouvo ane lekòl la. Fòm yo resevwa apre dat sa a ka gen reta pou yo apwouve yo.**
- Si enfimyè lekòl la pa disponib, yo ka avèti w pou w vin lekòl la pou bay pitit ou a medikaman.
- Si ou chwazi pou itilize medikaman ki nan depo lekòl la, ou dwe voye pitit ou a avèk epinephrine, ponp opresyon ak lòt medikaman ki apwouve li gen pou pran poukont li nan pwomnad lekòl la ak/oswa pwogram aprelekòl pou li ka genyen yo disponib.** Medikaman ki nan depo yo se sèlman estaf OSH ki nan lekòl la ki pou itilize yo.
- Tanpri asire w ou siyen do fòm lan pou pitit ou a ka resevwa sèvis sa yo nan lekòl.**
- Kole yon tifoto resan nan kwen goch anlè fòm medikaman an. Sa ap ede lekòl la idantifye pitit ou a pi byen.**

Tanpri kontakte enfimyè lekòl pitit ou a si w gen nenpòt kesyon. Mèsi pou sipò ou.